



Pou Piblikasyon Imedya: 28/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN GRAN FWA ETA NEW YORK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON  
POU SIPÒTE ENDISTRI AGRIKÒL NEW YORK LA**

***S.6320/A.6821 pèmèt lokasyon tè Eta a jiska dizan nan objektif pou eksplwate pye  
bwa ak pwodiksyon sèv***

***S.9232/A.10199 otorize itilizasyon pòm ki te grandi andeyò New York pou sid ki  
gen etikèt Eta a lè sa nesesè akòz pèt rekòt***

***S.9248/A.7020A etabli Konsèy Konsiltatif Fèmye Debitan nan Agrikilti***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, nan Gran Fwa Eta New York la, te siyen twa lwa ki elaji resous ak pwoteksyon pou endistri agrikòl Eta a. Lejislasyon S.6320/A.6821 pèmèt lokasyon tè Eta yo itilize pou pwodiksyon sèv ak eksplwatasyon pye bwa pandan dizan pou ogmante retounen sou investisman pou pwodiktè yo, ki gen ladan pwodiktè erab yo. Lejislasyon S.9232/A.10199 ta pèmèt vinri fèm ki gen lisans yo sèvi ak pòm ki grandi andeyò Eta New York pou fabrike oswa vann sid ki gen etikèt Eta a, nan kèk sikonstans. Lejislasyon S.9248/A.7020A etabli Konsèy Konsiltatif Fèmye Debitan nan Agrikilti a.

"Pandan n ap selebre Fwa Eta a, nou rekonèt ke agrikilti New York la se yon eleman santral nan ekonomi Eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk siyati lwa sa a, nou kontinye misyon nou pou monte kominote sa a epi pwouve nou la pou sipòte yo nan chak etap nan chemen an."

Lejislasyon S.6320/A.6821 otorize Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la pou fè kontra pou lokasyon oswa itilizasyon tè Eta a nan bi pou yo eksplwate pye bwa ak pwodiksyon sèv pou yon manda ki rive jiska, men pa plis pase, dizan.

Lejislasyon S.9232/A.10199 bay detèminasyon pèt rekòt pou vintri fèm yo pou otorize itilizasyon pòm ki grandi andeyò Eta New York pou itilize pou sid ki gen etikèt Eta a lè sa nesesè akòz yon pèt rekòt.

**Senatè Eta a, Rachel May, te deklare,** "Lejislasyon soun eksplwatasyon pye erab nou an se yon bon fason pou ede endistri erab New York la kontinye grandi ak pwospere. Pèmèt kontra lwaye 10 ane koresponn ak reyalyte fason endistri erab la ap travay, epi

mwen kontan nou kapab mete lejislasyon bon sans sa a an lwa. Mèsi Gouvènè Hochul paske li te mete aksan sou pwojè lwa sa a lè li te siyen li nan Fwa Eta New York la jodi a, epi mèsi Manm Asanble Donna Lupardo pou patenarya li sou pwojè lwa sa a."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a paske li pwofite opòtinite sa a pou l siyen mezi agrikòl enpòtan sa yo an lwa eta a jodi a. Lè yo fè sa nan Gran Fwa Eta New York la, sa fè nou sonje wòl santral agrikilti jwe nan ekonomi NY ak fason Fwa a se yon selebrasyon kiltivatè ak pwodiktè nou yo. Sipòte fèmye debitan NY yo, ansanm ak ede pwodiktè erab ak pòm nou yo pwospere, se yon pati nan angajman nou anvè tout bagay agrikilti NY la."

Lejislasyon S.9248/A.7020A etabli Konsèy Konsiltatif Fèmye Debitan nan Agrikilti a ak objektif pou mete ann aplikasyon yon plan ki avanse efò Eta a ap fè pou pote nouvo moun k ap antre nan fèm nan.

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Pandan ansyen kiltivatè yo pran retrèt, avni apwovizyonman manje New York la depann de Eta nou an pou ede nouvo fèmeyo antre nan komès la ak etabli biznis ki gen siksè. Moun ki dedye lavi yo nan pwodiksyon manje bezwen tout sipò nou – menm jan nou bezwen konpetans yo pou asire nou gen yon rezèv manje ki estab ak lokal. Pwojè lwa nou an chanje non epi elaji manm Konsèy Konsiltatif Fèmye Debitan, amelyore wòl li pou asire ke nou abòde bezwen kiltivatè k ap parèt yo yon fason efikas epi mete yon fondasyon solid pou avni agrikilti New York la. Mwen fyè pou m defann lejislasyon sa a ak Manm Asanble Lupardo epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen li an lwa."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)